## Участник республиканского конкурса

## «Учитель, перед именем твоим» 2017год.



**Абдурашидов Аэли**

***заместитель директора Регитинсюй СШ Курчалоевского района***

## Даймохк

Даймеххкан хазаллех иллеш ду даьхна,
Малха к1ел латта дац, Нохчийчоь санна.
Аьхка вай къахьегча, шозза до бузуш,
Дуьненчуьра массо стом шена чохь кхуьуш.

Лаьмнашца ду хьуна шал шийла шовданаш,
Дарбане довха хиш бухдуьйлу к1ежъетташ.
Дог айа ду хьуна бохь лекха и лаьмнаш,
Баьрг бетта ю хьуна и токхе аренаш.

Сесана, Эртана, Эвтара, Рег1ат1е - иттаннаш ярташ,
Делера къинхетам боьссина меттигаш.

Вайн хьаьжас хестийна Органан йистош,

Паччахьо сий ойуш, тойина майданаш!

Оьг1азло д1аяьлла, ирсе ду адамаш,
БIаьрг боьлуш, къегина, массеран яххьаш.
Коьртачу маьждигах массо цецвуьйлуш,
Беркат ду Нохчийчохь массо къам хьоьгуш.